Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

№66
(9708)

2015 соналъул
14 август

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА



## АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЗ 16 СОН ТIУБАЯЛДЕ



## АВГУСТАЛЪУЛ РОРКЬАРАЛ КЪОЯЛ



Щивав районалъул чиясда ракIалда батила доб 1999 сон. Узухъда, ракIалда гьечIого кин букIинеб гIадатияб, роцIараб, аваданаб гIумруги хвезабун, рагъул кьогIлъи босун бачIараб доб риидалил гIуж. Кинабго байбихьана 1999 соналъул 3 августалъ Цумада районалъул Гьигьалъ росулъе бандитазул гIуцIараб къукъа кIанцIиялдалъун. ХIалуцараб заман букIана гьеб тIолабго Дагъистаналъего. 7 августалъ рогьалилъ, сагIатункъгоялда Чачаназул ракьалдасан 500 гIанасев яргъид гIуцIарав чи вачIана АнсалтIа, РахатIа, Шодрода росабалъе. Халкъалда гьоркьосел гъачагъаз жидерабго гурони цебехун биччалебго букIинчIо ва гьезда ракIалда букIана хехабго заманалда мугIрузул районалда кверщелги гьабун тIолабго Дагъистан кверде босизе. Аллагьасул цIаралда гьоркь жидерго чорокал хиялалги рахчун халифат гIуцIизе ракIалда букIана гьеб къокъаялда. Кидаго цолъараб ва гъунки бергьараб Дагъистаналъул миллаталда ракIалдагицин букIинчIо гьезул чорокал пикраби мурадалде риччазе. Гьеб бихьизеги гьабуна нилъер халкъалъ. Рагъ байбихьун тIоцебесеб къоялъго цогидал районаздасаги хIатта россиялъул шагьаразда гIумру гьабун ругел гIумруялъ Дагъистан бихьичIел магIарулалгицин ракIарана, руссана гIагараб ракь гъачагъаздаса цIунизе. Гьеб рагъулъ бихьизабуна нилъерго цолъиги, гъункиги, къуватги. Вахъана Россиялъул лъабго бахIарчи. ГIанди росулъа Хъазаналипов МуртазагIали, Гъодобери росулъа МухIамадов ДибирхIажи, АнсалтIа росулъа НурахIмаев ХIажимурад. Рагъда ватIан цIунулаго шагьидлъана РахатIа росулъа Сахратулаев Башир, Гъодобери росулъа вацал Муъминовал, анцI-анцI гIолохъаби мустахIикълъана орденалгун медалазе ва шапакъатазе. ХIалуцараб хIал букIана районалъул больницаялдаги Хадур гъоларедухъ тIадеялдаса тIаде рачIунел лъукъаразе хъулухъ гьабулеб букIана райбольницаялъул хIалтIухъабаз. Гьеб хIалуцараб заманалда бихьизабураб профессионализмалъухъ районалъул больницаялъул врачал НурмухIамадов ХIажи, Дибирасулаев Анам, Шагьрудинов МухIамадкамил мустахIикълъана «Лучший врач России» абураб премиялъе. Гьеб рагъда кидаго гIадин жидерго гучги Россиялъул армиягун бугеб цолъиги бихьизабуна магIарулаз…..

*З. МУХIАМАДОВА*

## МАГIАРУЛАЗУЛ ГЪУНКИ

Гьаб магIарул ракьалде гьужум жинца гьабилин,
Рачун аскариялгун вачIун щвана Басаев.
МугIрул гIорхъода бугеб гьадаб цо Болъихъ район,
Гьавураб къоги баркун, Хатабие кьелилан.

Багьанаде динги ккун, наркоманал рещтIана
Рогьел рехилалдего АнсалтIа росулъ жанир.
Къасдал, хьулал рукIана кIудияб гали лъезе,
Къоял-анкьазда жанир тахшагьаралде щвезе.

Жал гIемерал ругилан лъазе гьабун кIалъана,
КIудияб къуват бугин, асирлъеян абуна.
Гьезда ракIалда ккана жал гIадинал бахIарзал,
Гьаб магIарул ракьалде жеги рачIун рукIинчIин.

КIочон батана гьезда магIарулазул къвакIи,
КIочон ратана гьезда къей лъаларел бахIарзал.
Таварихалъ бицараб МахIачил бахIарчилъи,
Дунялалда рагIарав Шамилил наслу букIин.

Гьале къватIир рахъана гIагараб ракь цIунизе
МугIрул къвекIал бахIарзал-магIарулазул васал
Шагьаралъан ракIарун, районаздаса рещтIун,
БакIарана, цолъана Дагъистаналъул миллат.

Кидаго гьал мугIруца пикру чорокав тушман,
Гьоболлъунги гьавичIо, гьудуллъунги рикIкIичIо.
Чан батIияв хIалихьат хIиллагун рещтIаниги
МустахIикъаб къейги кьун лъутун ине гьавуна.

Гьединабго батана Хатабиеги къисмат,
Гьал мугIрузул ракьалде гьужум жинца гьабидал
Багьадурал васазул, къвакIарал бахIарзазул
Къей гьечIеб гIамал бихьун, лъутун ана цIукIаби.

*З.ИСМАГИЛОВА*



## АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЗ 16 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# ГIаданлъиялъул ярагъ

Дол 1999 соналъул август моцIалъ районалъул таварихалъулъ лъалкI тарал гIемерал лъугьа бахъинал ккана. ЛъалкI тана гьелъ инсанасул къисматалъульги. Гьел кьогIал къояз хIал бихьана гIемерал гIадамазул гIаданлъиялъулги, яхI-намусалъулги, жавбчилъиялъулги чилъиялъулги. Щаялиго нилъеда кIочон тола гIадатиял гIадамалги, гIаданлъиялъул къартIги. Жакъа дие бокьун буго ракIалде щвезабизе дол августалъулал лъугьа-бахъиназда магIарул гIадамаз бихьизабураб гIаданлъиги, гурхIелги, чилъиги.

***

Гьеб къо букIана тIабигIаталъул рахъалъан гIадатияб, роцIараб риидалил къо бугониги, рагъалъ жиндирго кьогIлъиялъулги, ургъелалъулги, бухIиялъулги пардав рехараб августалъул къо. Росдал гIадамал гочаниги жидерго магIишат-яшавги рехун кирениги инарин, рижаралъурго хвелин абун росулъго чIун рукIана цо-цо гIадамал. Гьезул цояв вукIана ЩагIмамирзал МухIамад абурав чи. Сверухъ бугеб ахIвал-хIалалде кIварги кьечIого, паракъат, жиндирго гIадатияб гIумру тIамулев вукIана гьев. Кидаго ХIами гIиналде унаан жиндирго гIибоцIи хьихьизеги. Гьеб къоялъги цадахъ васги вачун гьенивего унев вукIана гьев. Гьесие гIадатияб бугониги, букIинчIо гьеб къо гIадатияблъун гьеб сордоялъ ХIами гIиналде рехун рукIарал солдатазе. Гьенив бомбабазул гьужумалде гъоркье ккарал 40 солдатасда гьоркьоса чIаго хутIун рукIана кIигояв. «БацIазул» рехъдалъе рехарал кIиго гIолиласул рекIел хIал цо Аллагьасда гурони лъалебги букIун батиларо. Жакъа бицун лъазе нилъедаги бажариларо. Гьев кIиявго васасде тIаде ккана ШагIмамирзал МухIамад. ХIинкъарал риххарал гIолохъабазда бугеб хIалги бичIчIун МухIамадица тIоцебесеб иргаялда хисана гьезда тIад букIараб солдатазул ретIел. Васасулги жиндиргоги гъоркьан ретIел гьездаги ретIун, гьал дур вацал ругин абе дуда цIеханани, ян васадаги лъазабун МухIамадица росулъе сапар бухьана. БитIун 10 гали лъун церехун индал данде чIвана 15-20 чиясдасан гIуцIараб вагьабиязул къокъа. Щаклъи бачIараб киннигин гьел суалал кьезе, ахIи базе лъугьана. Амма МухIамадица хIал лъазе течIого, гьал дир васал ругин кьварун, виххичIого абуна. «Цо дагьал унтарал ругин, бусадасаго радал лъутун ратунги ун гьезда хадув вахъун вукIанин»,- ян тIирун чIана гьев. БитIахъего виххун виххукье ккун гьел цIехезе къватIивеги вахъун вукIанин жив, цощинаб нужеца мацI лъаларел, гьикъаралъе жаваб кьезе кIоларел унтарал дир васал къабихI инжит гьарилин хIинкъун-ян. Гьеб бакIалдаго гьезул цояс магIарул мацIалда МухIамадил васасда цIехана, гьал щал дуе кколел, абун. Гьевги инсудасаго мисалги босун тIирун чIана вацал ругин гьел жиндир абун. Гьал щайха нужеда цадахъ рихьулелго рукIинчIел, абун тIаде гьесана гьев. Гьеб бакIалдаги МухIамадица хIал лъазе биччачIо». Я гьарин абулеб гьечIищ, гьел руго дир унтарал васал, мацIги бицунарел ,дица рукъор жанир гъун чIезарун рукIана гьел, амма жакъа радал рогьаликьго ретIелго тIад ретIичIого лъутун ратана»,- ян абуна гьес гьанжеги. Гьезул хабар чIалгIараб кинигин цояс абуна «риччай элде регIунищ нилъ ругел, рилъа»,-ян. Гьединан кIиявго солдатги вачун МухIамадги росулъехун сверана вагьабиязги ХIами гIиналде сапар бухьана. Росулъе щвейгун МухIамадица кваназеги гьарун, ретIелги ретIун, районалде унев ватарав гIагарав чиясухъеги ккезарун гьел гIолохъаби нахъе ритIана.

Гьединаб букIана МухIамадил цо къо. ГIадатияб, амма гIаданлъиялъ гвангизабураб. Гьадиназдасан мисал босизеги мустахIикъаб буго, адаб гьабизеги рекъараб буго.

ЛъугIана рагъ. ЦIидасан гIадамал тIад руссана жиде-жидер рукъзабахъегун магIишаталде. Рагъалъ рекIелъ лъураб лъалкIги бацIцIунаго унеб букIана росдал гIумру. Иргадаб хасалихълъиялъул къоялъги Загьра яхъана жиндирго цо ишалъ магъилъе. Хасалихълъидул къо бугониги, кутакалдасан цIорораб, хIехьезе кIолареб квачалъул къо букIана гьеб. Жиндирго минаялдаса гъоркьгIан бугеб авлахъалдехун нух босана Загьраца. Циндаго гьелъул гIинда чIвана гIадамазул гIадинаб угьи зигари. Ракьанда букIараб заз хъарахъги борхун Загьраца гьелда нахъ бахчун бугеб щибдай абун хIисаб гьабуна. Гьелда гьенив ватана тIеренабго ратIликь, загIипго гIодов къулун вугев гIолохъанчи. Гьесда бер чIвайгун лъана гьев солдат вукIин. БичIчIана гьединго гьев лъутун ватизе вукIинги. Гьелъ цин къо рокIкIинегIан живго тана гьев вас. Рукъоеги ун печги бакун санагIалъабиги гьарун, къо рокIкIидал цIидасанго гьенибе сапар бухьана ва гьев вас хIалицаго, кумекги гьабун рукъове вачана. Гьелда ракIалда ккана гьадигIан загIипго, лъукъун вукIадго гуреб цо дагьав сахлъизеги гьавун жинца гьазул командирасда лъазе гьабилин абун. Гьеб ниятгун ва пикругун кинабго жиндирго къасд рагIалде бахъизе лъугьана гьей. Вачана рукъове. Жиндиего батIаго рокъги кьун, гьеб рукъги хинлъизе гьабун гьесие хIажатал дараби, бинтал росун хъулухъ гьабизе жуяна. Мачуял тIаса рахъидал битIахъего ракI гьанцIулеб хIал букIанин ракIалде щвезабула гьелъ гьеб къо. РоцIолги бидулги цIурал хIатIал цIороялъ битIахъего хъахIиллъун рукIанила. Гьединан чанго къоялъ Загьраца гьев васасул тIалаб агъаз гьабун, ругънал сах гьаруна. ЦIехана эбел-эмен, гIагарлъи битIана гьесул эбелалъухъе рисалат якIарана гьей. Ва ахиралда рагъулаб городокалдеги ун, гьезул кIудиясде бицана кинабго хIакъикъат.ТамихI бигьа гьабиялъе рагIиги бахъун щвезавуна солдат жиндирго ватIаналда цебе тIадаб борч борхизе-армиялъул мухъилъе.

Жакъаги кагъталги рачIуна, бухьенги буго гьезул цоцазулгун. ГIаданлъиялъ гьудуллъи цIала. Гьудулъиялъ рекъел тIегьазабула.



## ХIажи камун вуго Дагъистаналъе



Дол августалъулал къояз кIудияб къуватги кумекги хIажатаб заманаялъ бищун тIоцеве нилъер районалде вачIарав чи ккола мунагьал чураяв ХIажи МахIачев. Цадахъ ватIаналъе рухI кьезеги хIадурал гIолохъабазул къокъаги бачун къо ккараб бакIалда унго-унгояв магIарулав кинигин вахъун чIана гьев. Гьединал ракIалде щвезаризеги, гьездасан мисал босизеги мустахIикъаб буго.

ВатIан чияразги магIу кколареб
Москваялъул ахIи щвана нилъехъе
Миллаталъул яхIги магIарул къвартIги
Къадаргун цо къотIноб къаси дандчIванин.

Рагъул ахIиялъулъ цебесеб кьерда
Кьари цIикIкIаразулъ цевехъанлъуда
Рекъел хIажаталъув маслихIаталда
ХIажи камун вугин Дагъистаналъе

***КЪ.КЪУЛИЗАНОВ***





## АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЗ 16 СОН ТIУБАЯЛДЕ



# МагIарулай

МугIрул чIужугIадан дур сабруялъе санаца бачуна жиндирго макъан



## Нупайсатил къисмат



ГIадатияй магIарулалъул гIумру уна лъималазул ургъелазулъ. Гьезул гьимиялъ йохун, гьезул магIица гIодун. ТIолабго гIумру букIуна лъимералъул къисматалъулъ лъун. ГIолохъанлъиялда рукIарал гIанчIал пикрабиги, анищалги, хьулалги гьелъ рукъула рекIел тIинда, лъимер каранде къараб лахIзаталъ. Гьеб къоялдаса нахъе байбихьула гьелъие гIажаибаб рохел

Гьединабго рохалилаблъун букIана Нупайсатиеги гIумру, ункъго васасулги кIиго ясалъулги бадиеги ялагьун. Ва амма…. Дол 1999 соналъ ккарал лъугьа-бахъиназ кIудияб камиялъул ругъун лъуна гIемерал гIадамазул рекIелъ. Камуна васал, вацал, россал, эменал. Гьеб бухIи хъинтIана Гъодобери росулъа Нупайсатидаги. Гьеб рагъда камуна гьелъие кIиго вас Лабазан ва МухIамадтIагьир. ЗахIматго лъукъун вукIана ГIабдурахIман абулев васги. Лабазанил нахъе хутIана кIиго яс, МухIамадтIагьирилин абуни лъимал рукIинчIо. Гьезул хIакъалъулъ ракIалде щвезабулаго росдал гIадамаз бицуна:«кутакалдасан гIодоре риччарал, гIадатиял, иман яхI бугел васал рукIанин» абун. МухIамадтIагьирги Лабазанги рукIана милициялда хIалтIулел. Лабазанидаги ракIалда ккана Ополченцазул мухъилъеги лъугьун халкъалда гьоркьосел хъачагъазда данде къеркьезе, гIагараб ракь вахIшияв тушманасдаса цIунизе. 8 августалъ ХIами гIин абулеб магIардаса гъоркьеги рещтIун, Гъодобери нух бахъизе лъугьана гъачагъал. Гьезда дандечIей гьабун букIана 12 милиционерас. 9 августалъ тIаде щвана жеги милицал. Къаси сордо щвейгун росулъе гьужум гьабизе букIинги бичIчIун, милиционераз хIукму гьабуна гьужум цебе байбихьизе. Ва гьеб къасдгун чанго чи балъго рохьосан «Хвадиратли» абулеб бакIалде ана. Гьезда гьоркьор рукIана вацал Муъминовалги. Ушушали абулеб бакIалда байбихьана унго-унгояб рагъ, кумекалъе хадур рахъана цогидал милицалги. Гьеб бакIалда букIараб къеркьеялъулъ рухIалдаса ратIалъана вацал Муъминовал. Гьеб ккола щияй эбелалъе кIудияб ругъун. Чохьол бухIи! БукIунищ гьелде бахараб, гьебгIан гъваридаб ругъун? Гьелъие жаваб кьезе кIоларо гьеб бихьарал улбузда гурони. ДодигIан роцIараб, додигIан гьайбатаб, лъималаца гвангъизабураб дунял цо къоялда кьерхана магIарулалъе. Гьеб хабар лъайгун Нупайсат больницаялде ккана. Ва амма бахIарчиял васал куцарай бахIарчияй эбелалда къуват батана къисматалъ бухъараб къоринисан тIадеги яхъун гIаданлъиги чорхолъ цIунун гIумру гьабизе. Доб рагъда гьелъ гIагараб ракь цIунулаго къурбанлъун кьуна кIиго гIолохъанчи. Унго-унгояб магIарул яхIги, къартIги чорхолъ лъун гьелъ куцарал васал ратана гIагараб ракьалде къо ккедал. МугIрул руччабазул чорхолъ бессараб гIаданлъиялъги, иманалъги, рокьиялъги куцулел ратила гьединал васал. Гьей ккола цогидал улбузеги мисаллъун. Нупайсатил рекIелъ кIудияб ругъун лъураб доб къо ккола, районалъул таварихалде бахIарчиял васазул цIар хъвараб хIужжа. Жакъа Нупайсатил бадиб бихьула бухIиги, магIуги, урхъиги. Амма районалъул ва гIолеб гIелазул рекIелъ гьел кидаго хутIила чIухIилъун.

Доб чIегIераб къоялъ къварилъи ккарал,
РакIал жеги гьечIо лъавуде рачIун.
Гьелъул балагьаца чвахараб магIу,
Бакъван гьечIо жеги гьезул бадисан.

Абула гьитIинаб букIанин доб рагъ,
Рагъилан абизе рагъгиийищ гьебан.
ГьитIинабго къеркьей цоцалъги гьабун,
Анин дол вагьабал нилъехъан нахъе.

Машина босизе долларал щванин,
МахIачхъалаялда минаби щванин,
АхIи-хIурги гьабун тIурун арал гьез
МЧС халкъалъе бачIинабунин.

Абе, гьеб рагъ гурин дой лъадиялда!
Гьудуласул суртихъ ялагьун йигей!
Абе, гьеб рагъ гурин дол лъималазда,
Эмен хабалъ вукъун кIусизе щвечIел!

Абе, гьеб рагъ гурин дой эбелалда,
Хабалъ васал рукъун чIегIер бан йигей!
Абе, гьеб рагъ гурин гьезул ракIалда
Камиялъул мухъаз сукIел бахъараб

## АВГУСТАЛЪУЛАБ РАГЪ ЛЪИМАЛАЗУЛ БАДИСАН

**Джаватханов Шамиль Шодрода росдал гьоркьохъеб школалъул микьабилеб классалъул цIалдохъан.**

-Киданиги ракIалда ккун букIинчIо дидаги рагъ бихьилин абун.

БачIана 1999 соналъул багIарараб август моцI.

КIудияв эменгун дун вукIана Чачан рахъалъиялъул авлахъалда гIиял хьихьулев. Циндаго раккана яргъид гIуцIарал гIадамалги, техникаги тIад бугел Камазал ва гьез сапар бухьана нилъер районалдехун.

Нижеда лъалеб букIинчIо щиб гьабилебали. Дун кутакалдасан хIинкъун вукIана. Кьвагьа-гIанхъиги рихха-хочиги бихьана дида. Ниж росулъе щведал биххулеб бухIулеб росуги росдал школаги кинабго дида цебе букIана кIудияб балагьлъун рагьун. Ва дир рекIелъ бицине бажарулареб хIинкъиялъул асарги букIана рещтIун. МагIица хулун рукIана дир берал. Бокьун гьечIо рагъ, магIу, НагIана буго рагъуеги гьеб бекьулезеги. Бокьун буго даимаб рекъел, роцIараб зоб.

**Запирова ПасихIат. АнсалтIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан.**

Дида бихьичIо КIудияб ВатIанияб рагъ. ЙикIинчIо дун гьединго росу хъачагъаздаса цIунулелъул ополченцазда гьоркьойги. Амма жакъаги ракIалда буго дида доб къоялъ росдал гIадамазул, руччабазул бадиб букIараб хIинкъиги, рихxиги. Дида рихьана доре гьанире жидерго лъимал къвалакьги ккун лъутулел, гIодулел улбулги, хIалицаго рилъанхъун унел рихxарал харабиги. Гьезда тIад бегун букIараб хIинкъиги балагьги дида цебеса унаро.Амма нилъер халкъалъ гьебго заманалда бихьизабуна жидерго къуватги, бахIарчилъиги. Россиялъул армиягун цадахъ лъикIаб кьаби щвезабуна гьез хъачагъазде. Вахъана Россиялъул бахIарчилъун АнсалтIа росулъа гIолохъанчи НурахIмаев ХIажимурад.

**Азаева Хадижат,- Болъихъ росдал гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан.**

Доб август моцIалъ цолъизабуна тIолабго Дагъистан. Нилъехъе рачIана кумекалъе тIолабго Дагъистаналъул росабалъан гIолохъаби. ГIемераб биги магIуги тIуна гьеб рагъда. ГIумруялдаса ратIалъана щибго гIайиб гьечIел гIадамал. Жидерго бахIарчилъи бихьизабуна гIурус солдатазги. Амма Басаевасе нилъер ракь тей гуреб батIияб нух батичIо.БичIчIана гьесда Дагъистан кверде босизе кIолареблъи.

**«Воля народа-сильнее Оружия»** абураб тIехьалдаса босараб

## Колонка прокурора

### Об обязанности организаций принимать меры, направленные на профилактику и предупреждение коррупции

В соответствии со статьей 1 Федерального закона от 25.12.2008 № 273-ФЗ «О противодействии коррупции» (далее Федеральный закон от 25.12.2008 №273-ФЗ) под противодействием коррупции понимается деятельность федеральных органов государственной власти, органов государственной власти субъектов Российской Федерации, органов местного самоуправления, институтов гражданского общества, организаций и физических лиц в пределах их полномочий по предупреждению коррупции, в том числе по выявлению и последующему устранению причин коррупции (профилактика коррупции), а также по выявлению, предупреждению, пресечению, раскрытию и расследованию коррупционных правонарушений (борьба с коррупцией).

В силу ст. 3 Федерального закона от 25.12.2008 №273-ФЗ одним из основных принципов противодействия коррупции является приоритетное применение мер по ее предупреждению.

В соответствии с ч. 1 ст. 13.3 Федерального закона от 25.12.2008 №273-ФЗ организации обязаны разрабатывать и принимать меры по предупреждению коррупции.

В целях формирования единого подхода к обеспечению работы по профилактике и противодействию коррупции в организациях независимо от их форм собственности, организационно-правовых форм, отраслевой принадлежности и иных обстоятельств, Министерством труда и социальной политики РФ разработаны «Методические рекомендации по разработке и принятию организациями мер по предупреждению и противодействию коррупции».

К таким мерам в соответствии с ч. 2 ст. 13.3 Федерального закона от 25.12.2008 № 273-ФЗ отнесено определение подразделений или должностных лиц, ответственных за профилактику коррупционных и иных правонарушений, разработку и внедрение в практику стандартов и процедур, направленных на обеспечение добросовестной работы организации, принятие кодекса этики и служебного поведения работников организации.

Необходимо учитывать, что реализация мер по противодействию коррупции существенно снижает риски применения в отношении организации мер ответственности за подкуп должностных лиц, в том числе и иностранных.

Особо следует отметить, что профилактика коррупции при выборе организаций-контрагентов и выстраивании отношений с ними снижает вероятность наложения на организацию санкций за недолжные действия посредников и партнеров.

**И.О. прокурора района , младший советник юстиции Д.А. Джабраилов**

## УЛБУЗЕ БАЯНАЛЪЕ

Хъизаналда 18 сонил ригьалде рахинчIел лъабго яги тIадехун лъимал ругел ва жидер лъимер тIоцебесеб классалде биччалел улбузул рес буго Дагъистан Республикаялъул 2012 соналъул 8 августалъ бахъараб №265 Постановлениялда рекъон 2000 гъурущ гIарац щвезе. Гьеб гIарац буго цо нухалъ кьолеб, кIудияб хъизаналдаса тIоцебесеб классалде араб лъимералъе, ай жидер рокъоб бач1унеб г1арац Дагъистан Республикаялъ чIезабураб бищун дагьаб гIарцул къадаралдаса гIодобе кколеб бугони.

Жакъа къоялда 2015 соналъул 27 маялъ бахъараб №158 Постановлениялда рекъон гьеб ккола 8666 гъурущ.

Гьелде жидер гIарцул къадар бахунарел, кIудияб хъизаналъул улбул, гьеб гIарац щвезе кканани, ине ккола гIадамазул социалияб ихтияр цIуниялъул управлениялде яги МФЦялде 1 июлалдаса 1 декабралде щвезегIан гьал хадур рехсарал документалгун:

-ГIарза
-Лъимер гьабиялъул свидетельство
- Лъималаца эбел-эменгун гIумру гьабулеб бугин абун справка.
-Эбел-инсул паспортал (оригинал ва копия)
-СНИЛС эбел-инсул (оригинал ва копия)
- Школалдаса лъимер тIоцебесеб классалде анин абун справка.
-Хъизаналъул доходал хъвараб справка.

*З.МУХ1АМАДОВА*

## ХУНЗАХЪ ЧУЯЛ ТIАМИЯЛЪУЛ БАЙРАМ

Араб шамат къоялъ Дагъистаналъул муфти АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул призалъе гIоло Хунзахъ тIалъиялда рекеризаруна чуял. Гьел рекеризе ричалел рукIана 3, 5, 7 горсвериялдаги ва батIаго гIицIго Хунзахъ районалъул чуял гIахьаллъараб партияги ва щибаб бергьараб чуялъе призалъе бихьизабун букIана приора автомашинаги. Лъабго горсверуда чуял ричазе бокьаразул къадар бахана 51-ялде. Гьединлъидал гIуцIалилаб комитеталъ хIукму гьабуна 3 горсверуда ричалел чуязул кIиго партия гьабизе ва тIаде цогиги автомашинаги босизе.



Гьеб тадбиралъулъ жиндирго кIиго чугун гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул Бутушалда гIумру гьабун чIарав Шамилицаги. Цояб чу лъабго кругалда лъабабилеб бакIалда бачIана, цогидалъ 5 кругалда ракIчIараб бергьенлъиги «Приора» автомашинаги босана.

Гьеб чуги бачун Шамил Хунзахье сапаралъ вахъунеб мехалъ росуцояз абулеб букIанила лъикIаздаса-лъикIал, тIаса рищун чуял рачIунеб бакIалде гьеб чуги бачун мун киве,- ян абун. Амма гьеб къоялъ гьеб чодуе бергьенлъиги бетергьанчиясе «Приораги» щвезе хъван букIун буго. Баркула Шамилида бергьенлъиги, гьарула хадубккунги икъбалги.

**НИЖЕР МУХБИР**

## НИЖ ГIАДИН АЛЛАГЬГИ РАЗИЛЪАГИ НУЖЕДАСА

Гьаб соналъул августалъул байбихьуда кIудияб къварилъи-балагь бачIана нижер хъизамалде. ГIурулъ гьанкъана нижер 2 вас: 15 сон баравги 12 сон баравги. Гьел ун рукIун руго гIурухъе чвердезе. РетIелги бахъун гIурулъе лъугьарав гьитIинав вац гIоралъ хъамун унев вихьидал, жеги ретIелги бахъичIого аскIовго вук1арав к1удияв вац гьединго ретIелгун гьесие кумекалъеян кIанцIун вуго гIурулъе. Амма кумек гьабулев вукIаравги гьитIинавгиги кIиявго вац гIоралъ хъамун ун руго.

Гьелъие ахIи бахъидал, нижер Муни росдал тIолалго гIадамал, хасго гIолохъаби щола гIурухъе ва гIурул мухъ ккун чанго километралъул манзилалда цIехола нижер лъимал. Ахирги гIоралъ къватIире рехун ратула рикIкIа-рикIкIад…

Гьединаб кIудияб хIаракатчилъи бихьизабурал росдал тIолалго гIадамазе, хасго гIолохъабазе кIудияб баркала кьолаго гьаризе бокьун буго рекIел мурадал тIурайги, хъизам-агьлуялдасан рохелги ва гьединан кумекалъе рахъине щулияб сахлъиги ва жеги цIикIкIун таваккалги гьаризе.

Гьединабго баркалаги гьари-дугIаги буго нижер къварилъи бикьун зигараялъ рачIарал сверухъ ругел росабазул гIадамазеги. Ниж гIадин Аллагьги разилъаги нужедасан!

***Савдат ва ГIамахIажи, Лъималазул эбел ва гьелъул вац.***


*Газета гIуцIарал:* *Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

*Учредители:* Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

*БетIерав редактор* *ГI. ГIумаханов*

*Редакторасул заместитель* **А. Агъларов**

*Отделалъул редакторал* **Ш. Лабазанов** **П. Дибирова**

**ГЬУДУЛЛЪИ**
*Тираж 1000*

**Мухбирзаби**
*З.МухIамадова/М.ГIумаханова*

**Наборщица** П. Эльдарова
**Фотокорр.** *Ш.Муртазалиев*
**Дизайнер** А. Назирбекова
**Программист** А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*